



Gid pou Etidyan Entènasyonal



Jere: : Direktè Prof. Leandro Vanalli
Vivan Direktè Prof. Gisele Mendes

Dados Internacionais de Catalogação na Publicação (CIP)
(Biblioteca Central - UEM, Maringá, PR, Brasil)

U58g Universidade Estadual de Maringá. Escritório de Cooperação Internacional

Gid pou Etidyan Entènasyonal [recurso eletrônico] / Universidade Estadual de Maringá. Escritório de Cooperação Internacional. - Maringá : UEM/ECI, 2024.

PDF

Texto na língua crioula haitiana
Disponível em: <http://www.cpr.uem.br/eci-comunica/index.php/br/inicio/publicacoes>
ISBN 978-65-00-97572-7

1. Estudante internacional - Manuais, guias. 2. Ensino superior - Universidade Estadual de Maringá. 3. Integração estudantil. I. Universidade Estadual de Maringá. Escritório de Cooperação Internacional. II. Título.

CDD 23.ed. 378

Sintique Raquel Eleuterio - CRB 9/1641

SOMÈ

Byenveni pou tout etidyan!

1. Prezantasyon Inivèsite Leta Maringá

1.1. Pwen esansyèl nan Inivèsite Leta Maringá	05
1.2. Kat jeyografik nan Inivèsite Leta Maringá.....	06

2. Prezantasyon Vil Maringá

2.1. Prezantasyon	07
2.2. Klima	07
2.3. Kilti, Touris ak Iwazi	07
2.4. Kat jeyografik Maringá	07



3. Enfòmasyon ki kapab itil apre w rive

3.1. Sejou nan Brezil	08
3.1.1. Kat Idantifikasiyon Nasional Migratwa	08
3.1.2. Nimewo Idantifikasiyon Moun Fizik - CPF	08
3.1.3. Kat nan Sistèm Sante Inik - SUS	09
3.1.4. Lojman	09
3.2. Jou an Jou nan UEM	10
3.2.1. Dosye Akademik - RA	10
3.2.2. Wifi	10
3.2.3. Moodle	10
3.2.4. SISAV	10
3.2.5. Katon Estidyan	11
3.2.6. Bibliyotèk Santral UEM - BCE	11
3.2.7. Restoran Inivèsite - RU	12
3.2.8. Sante Etidyan	12
3.2.9. Aktivite Sosyokiltirèl	13
3.2.10. Aktivite Espòtif	14

4. Dwa, Devwa ak Sipò UEM pou Etidyan Entènasyonal

4.1. Pwojè ekstansyon: Ensèsyon migran Yo nan teritwa Maringá	15
4.2. Estrateji pou Pwomosyon Sante, Viv Ansanm ak Divèsite (SACODI)	16
4.3. Sant Referans Asistans Sosyal (CRAS)	17



5. Telefòn ak Lyen Itil

5.1. Inivèsite Leta Maringá	19
5.2. Lapolis ak Resèt Federal	19
5.3. Ijans	20
5.4. Lopital Biblik ak Sant Sante	21
5.5. 10 Sant Referans pou Asistans Sosyal (CRAS) nan Maringá	22

6. Antite pou defans ak asistans migran yo nan Maringá

6.1. Asosyasyon etranje ki rete nan rejyon metropolitèn Maringá – PR	24
6.2. Caritas Achidyoséz nan Maringá	24
6.3. Sendas Enstiti	25

7. Anbasad ak Konsila

7.1. Ministè Afè Etranjè	25
--------------------------------	----

Byenveni pou tout etidyan!

Chè etidyan!

Se ak anpil plezi ke nou Akèyi ou. Nou kwè ke pandan wap etidye pamí nou nan inivèsite a, nou pral kapab fè anpil echanj enpòtan, kòm prezans ou reprezante yon gwo opòtinite pou pataje eksperyans istorik, sosyal, kiltirèl ak syantifik.

Nan lide pou facilite entegrasyon ou nan Inivèsite Leta Maringá - UEM, Biwo Koperasyon Entènasyonal - ECI te òganize Gid sa a ,ki prezante prensipal enfòmasyon elèv entènasyonal la bezwen konnen pou gide premye etap li yo nan UEM. Anplis, enfòmasyon sou inivèsite nou an, enfòmasyon sa yo ap itil tou pou sejou ou nan Brezil.

Finalman, nou espere ke Gid sa pral yon enstriman pou gide ou, menm si w pa jwenn tout repons ou bezwen yo, nou envite w antre en kontak ak nou.

Byenveni nan UEM!

Maringá, 01 Mas 2024.



1. Prezantasyon Invèsite Leta Maringá

Invèsite Leta Maringá se yon invèsite piblik ki trouve li nan vil Maringá, Eta Parana, rejon sid Brezil. Li te kòmanse an 1959, kòm yon sèl Fakilte Syans Ekonomik ak nan 1966 lòt fakilte parèt: Dwa, Lèt, Filozofi ak Lang franko-pòtigè. Kòm demann lan te ogmante pou edikasyon siperyè, an 1969, Gouvènman an, nan Eta Paraná te deside kreye pwòp UEM li te, regwoupe fakilte yo ki deja egziste epi e kreye lòt anko. An 1970, UEM te parèt kòm yon invèsite ofisyèl. Jodi a, ak plis pase 21,500 elèv ki enskri nan kou gradyasyon ak pòsgradyasyon, UEM gen sis kanpis nan plizyè vil parana sòti nan Cianorte, Cidade Gaúcha, Diamante do Norte, Goioerê, Ivaiporã, ak Umuarama, anplis kanpis prensipal la. Epitou gen 30 anèks(biwo) sipò, fèm eksperimental nan Iguatemi ak Lopital Invèsite Maringá (HU).



Pwen esansyèl nan Inivèsite Eta Maringá:

- Li gen pi gwo bibliyotèk inivèsite nan eta Paraná;
- Li gen yon Biwo Koperasyon Entènasyonal ki, pami lòt bagay, sipòte etidyan entènasyonal inivèsite a ak etidyan brezilyen ki sòti nan UEM ki deyò Brezil;
- Kenbe patenarya ak plis pase 60 inivèsite nan plis pase 20 peyi ak patisipe nan plizyè pwogram echanj entènasyonal, mobilite fas-a-fas ak vityèl ak resepsyon elèv entènasyonal tankou PEC-G;
- Li ofri 70 kou gradyasyon , 56 kou metriz ak 29 kou doktora, anplis disponiblite 32 matyè nan yon lang etranje, espesyalman anglè;
- Li te klase nan ***Impacts Rankings 2021***, pibliye pa magazin anglè a Times Higher Education, klase 201st sou 1,115 inivèsite (ki sòti nan 94 peyi) evalye sou pwogrè 17 objektif yo nan Developman Dirab (SDG) Nasyonzini (ONU), konsènan Ansèyman, Rechèch, Ekstansyon ak administrasyon;
- Li te klase nan klasman ***CWTS Leiden 2021***, ki soti nan University of Leiden nan Peyi-Ba, nan premye pozisyon nan mitan enstitisyon nan Amerik yo ak Emisfè Sid la ak pi wo pwopòsyon chèchè (52.8%) nan mitan kantite total otè de travay syantifik.

Nou konseye w vizite ***sit entènèt Inivèsite Leta Maringá*** ak ***sit entènèt Biwo Koperasyon Entènasyonal*** pou aprann plis sou UEM.



Kat jeyografik UEM



Links:

- [Kat jeyografik entèaktiv UEM](#)
- [UEM Aksè ak Trafik Entèaktiv Kat](#)



2. Prezantasyon Vil Maringá

2.1. Prezantasyon

Sitiye nan Nòdwès eta Paraná, Maringá se twazyèm vil ki pi gwo nan eta a ak setyèm nan reyon sid Brezil an relasyon ak popilasyon li yo, ki, dapre estimasyon IBGE pou 2020, li te gen 430,157 moun, ak reyon li yo. zòn metropolitèn ki gen plis pase 800,000 moun. Maringá byen klase pou kalite lavi yo ofri rezidan li yo epi kòm youn nan vil ki pi vèt ak pwòp nan peyi a.

2.2. Klima

Paske li sitiye nan Emisfè Sid la, nan pwen antonwa ki pi sid la Brezilyen ak janbe lòt pa liy twopik kaprikòn, reyon Maringá enfliyanse pa plizyè faktè klimatik makro. Kidonk, klima Maringá se kalite twopikal ak ete lapli ak ivè sèk. Tanperati an mwayèn tanperati anyèl la pi wo pase 20 °C.

2.3. Kilti, Touris ak Iwazi

Vil Maringá ofri plizyè evènman kiltirèl e li gen plizyè pwen Touristik. Ou ka tcheka lyen vil yo anba a:

<http://www2.maringa.pr.gov.br/turismo/?cod=guia-do-turista>

<http://www2.maringa.pr.gov.br/turismo/citytour>

2.4. Kat jeyografik Maringá



3. Enfòmasyon ki kapab itil apre w rive

3.1. Sejou nan Brezil

3.1.1. Kat Idantifikasiyon Nasional Migratwa

Kat Idantifikasiyon Nasional Migratwa (CRNM) se yon dokiman ki sèvi kòm idantite pou moun ki pa brezilyen ki gen rezidans tanporè oswa pèmanan nan Brezil. Etidyan entènasyonal ki gen viza tanporè ki antre nan peyi a dwe fè demand pou rejistre nan yon limit de katrevendis (90) jou, kòmanse depi dat antre yo nan teritwa nasional la, anba menas aplikasyon sanksyon ki prevwa nan pwen III nan atik 307, nan Dekrè 9.199/2017 la. Li enpòtan pou ou swiv dat eksipirasyon viza ou ak Kat Idantifikasiyon an, paske ou dwe renouvele yo anvan dat sa a. Pwosedi ak enfòmasyon ki nesesè yo pou jwenn CRNM la ka konsilte isit la. Si w gen dout, tanpri kontakte Lapolis Federal.



3.1.2. Nimewo Idantifikasiyon Moun Fizik - CPF

CPF (Kadast Pèsònèl Fizik) se yon nimewo ke leta Federal Brezil bay sitwayen Brezilyen ak etranje. Li nesesè nan plizyè sitiyasyon tankou lè ou enskri nan yon inivèsite, nan transaksyon finansye (ouvèti kont bankè, pa egzanp), nan enskripsyon yo pou benefisyé sèvis pubblik ak prive, elatriye. Ensriksyon nan CPF ka fèt sou entènèt, sou sit administrasyon fiskal isit la, oswa an pèsòn nan biwo administrasyon fiskal la ki chita nan adrès 527, Av. XV de Novembro, avèk yon kat idantifikasiyon ki gen foto (paspò, CRNM oswa protokòl Polis Federal).





3.1.3. Kat nan Sistèm inik Sante - SUS

Kat SUS se yon kat sante ki pèmèt moun jwenn swen medikal nan nenpòt lopital nan rezo piblik brezilyen an. Pou fè Kat SUS la, etidyan entènasyonal yo ka ale nan nenpòt Sant Sante (UBS) avèk yon dokiman idantifikasyon ak foto ak yon konpwobasyon rezidans (lektrisite, dlo), de preferans nan non pasyan an. UBS ki pi pre nan UEM se "UBS Vila Esperança" ki sitiye nan wout Pioneiro Domingos Miranda da Silva, SN - Vila Esperança.



3.1.4. Lojman

Inivèsite Leta Maringá pa gen Lojman pou etidyan nasyonal oswa entènasyonal. Biwo Koperasyon Entènasyonal rekòmande etidyan entènasyonal yo pou rete tou pre kanpis la, paske sa pral facilite deplasman yo jiska nan blok lesyon yo epi tou itilizasyon Bibliyotèk la ak Restorasyon Inivèsite a, tankou lòt sèvis nan UEM . Li konseyab pou chwazi yon kote pratik ak sekirite, rekòmande pa moun kip konnen, oswa pa sit wèb ki gen konfyans.



3.2. Chak jou nan UEM

3.2.1. Dosye Akademik - RA

Chak etidyan nan UEM gen yon nimewo nan dosye enskripsyon, tankou "59765" oswa "106739", nou rele li RA (Dosye Akademik). Pou chak etidyan, UEM kreye otomatikman yon kont nan "Google Enstitisyonèl" ki gen yon prefiks, aktyèl nimewo RA a, ak yon sousifiks "@uem.br", nou rele li "imel enstitisyonèl". Aksè nan kont sa a fèt lòtèl ak non itilizatè (login oswa non itilizatè) ak modpas. Plis enfòmasyon sou Dosye Akademik ak imel enstitisyonèl yo ka jwenn nan lyen sou sit entènèt Direksyon nan Zafè Akademik yo anba a:

Pou gradiyasyon:

<http://www.daa.uem.br/academicos/graduacao/manuais-etutoriais>

Pósgradiyasyon:

<http://www.daa.uem.br/academicos/pos-graduacao/tutoriais-pos-graduacao>

3.2.2. Wifi

UEM mete disponib , nan kanpis yo, yon rezo wifi gratis ki aksesib, ou jis bezwen sèvi ak RA ak modpas etidyan yo. Pou plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a: <http://www.uem.br/suporte/wi-fi-uem>.

3.2.3. Moodle

Moodle se yon espas virtual ki sipòte aprantisaj kote pwofesè yo ka mete, travay ak lòt materyèl ki gen rapò ak lesón yo. Ou ka aksesè Moodle UEM avèk nimewo RA ak modpas ou nan adrès sa: <https://moodlep.uem.br>

3.2.4. SISAV

Sistèm Sekrètarya Akademik Virtual (SISAV), jan non an di a , se yon anviwònman virtual ki ofri pou etidyan yo itilize (tankou konsiltasyon nòt ak absans, mande aktivite akademik yo, orè klas yo, ak lòt bagay) . Aksè nan SISAV ka fèt lè ou sèvi avèk RA ak modpas ou nan link sa a: <http://sisav.uem.br/sav/auth/login>



Ou ka jwenn manyèl SISAV a atravè lyen an:
<http://old2.daa.uem.br/tutoriais/manuals-sisav/manual-sisav-aluno>.

3.2.5. Katon Etidyan

Lè ou se yon etidyan nan UEM, ou gen dwa ak yon kat etidyan , ki se yon dokiman ki pèmèt ou peye mwatye pri nan sinema, espektak mizikal, teyat, kot turistik, evènman edikatif, espò, divètisman ak plezi.

Pou genyen kat etidyan sa, ou dwe:

- Rantré nan Sisav avèk matrikil ou ki se RA ak modpas ou;
- Klike sou "Mande";
- Apre sa klike sou "Nouovo";
- Answit, klike sou "Divès";
- Finalman, klike sou "Mande Kat Estidyan ".

3.2.6. Bibliyotèk Santral nan UEM (BCE)

Bibliyotèk Santral (bibliyotèk sektoryèl ak seksyonal yo), UEM mete yon koleksyon liv an disponibilite tout etidyan yo. Pou antre nan Bibliyotèk la, ou kapab prezante kat etidyan ou oswa mande anplwaye yo pou yo otorize aksè a, si ou poko gen kat etidyan. Nan bibliyotèk la, etidyan yo sèlman otorize antre avèk materyèl tankou (kreyon, plim , kaye , fèy, nòtbouk, telefòn mobil, elatriye). Lòt objè yo, yo dwe kite yo nan kabinè n ki gen kle, e se etidyan yo ki gade kle yo.

Ou kapab rezève ak pran liv yo sou sit sa tou:
<https://biblioteca.sophia.com.br/7869>.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon atravè lyen an: <http://www.bce.uem.br>.



3.2.7. Restoran Inivèsite - RU

Li te inogire nan dat 3 septanm 1979, Restoran Inivèsité gen pou objektif prepare manje pou moun k ap travay nan UEM ak etidyan yo. Nou ofri 2 manje pa jou, dine ki sòti nan 11h rive 13h ak soupe ki sòti nan 18:00 h rive 19:30h . Pri yo kap aplike yo ka wè isi.

3.2.8. Sante Etidyan

Pou swen medikal, swen dantè, swen sikolojik, ak sitiyasyon an ijans, nou divize opsyon yo nan de kategori prensipal, men avan nou prezante yo. Fòk nou sonje ke ou dwe gen yon dokiman idantifikasyon ak foto (Paspò oubyen Kat Idantifikasyon Nasyonal ak CRNM) ak Katon SUS ke wap toujou bezwen lèw pral pran randevou oswa resevwa swen medikal.

Anndan UEM (ou konekte ak UEM)

UEM mete an disponibilite pou etidyan yo:

O Sant Lopital ak Swen Medikal, ki ofri sèvis medikal gratis, ki gen ladan swen sante an jeneral, menm swen jinekolojis.

Anbilatwa Residans nan Sikyetryi, ki ofri swen sikyetryik gratis pou tout kominate akademik la: etidyan yo, moun kap travay nan inivèsite a, ak pwofesè yo.

Inite Sikoloji Aplike, ofri sèvis sikolojik gratis pou tout kominate akademik yo. Randevou yo ka pran tan paske yo respekte yon lis atant. Ki chita nan Av. Mandacaru, 1690. Lopital Inivèsite Rejjyonal Maringá-HUM, ki resevwa pasyan, (etidyan oswa pa etidyan) sèlman nan Sistèm Sante Inik - SUS, ki se gratis. Pou yo ka jwenn sèvis yo, non sèlman avèk dokiman idantite yo men tou avèk yon dokiman ki prouve kote ou rete ak yon kat prenatal (pou fanm ansent). HUM se yon lekòl tou pou etidyan nan domèn sante yo.



An deyò UEM

Sistèm lasante brezilyen ofri de opsyon:

Nan Piblik la gen ladan li, se yon lòt bagay yo, UBS-Inite Sante Bazik (swen medikal nan jeneral ak swivi pasyan yo) ak UPA-Inite Swen Imedyat (pou sitiayson ki an ekstrèm). Randevou yo kapab pran tan, men swen medikal yo gratis pou tout moun.

"**Nan Prive**, yo pran mwens tan pou ou pran randevou yo e pou ou jwenn sèvis kòm (konsiltasyon, egzamen, elatriye)."

3.2.9. Aktivite Sosyokiltirèl



ILG - Enstiti Lang ofri kou nan lang Alman, Fransè, Espanyòl, Anglè, ak lang Italyen. Pou enskripsyon, elèv yo dwe pase nan yon pwosesis seleksyon, ki fèt 2 fwa pa ane (yon fwa nan mwa me - pou kòmanse nan mwa out, dezyèm fwa a se nan mwa novanm, pou premye semès nan ane k ap vini). Kou yo peye, men elèv nan UEM gen rabè, sa depan de patisipasyon nan pwòjè, pa egzanp. Yo ofri tou, nan moman okazyonèl yo.



O IEJ - Enstiti pou Etid Japonè se yon òganizasyon ki konekte ak Biwo Vizyon ak Kilti li gen kòm objektif sipòte kominote entèn ak ekstèn nan UEM oswa sipò aktivite lekòl, rechèch, ak devlopman nan inivèsite a. Enstiti a pote nan entegrasyon ant inivèsite a ak sosyete a, atravè aktivite (kou, elatriye) ki gen rapò ak lang ak kilti japonèz.





Karakteristik nou se kalite nan ansèyman, nan ekstansyon, ak nan sèvis pou sipòte etidyan yo, **PROINTE - Pwogram Entegrasyon Etidyan** yo gen kòm objektif devlope aksyon nan kad pedagojik la, kote pwofesè yo, etidyan yo, ak kominote a ki sòti nan lòt peyi pou patisipe. Nan konteks sa a, PROINTE kreye oryantatè yo pou ede etidyan anba sipèvizon yon pwofesè kòdonatè, aktivite yo kòdone devlopman nan matyè yo nan divèsite yo, nan pwogram nan, ak lòt bagay yo. Anplis, PROINTE òganize oryantasyon yo nan atelye yo ki gen pou objektif amelyore kalifikasyon pwofesyonèl atravè kou tankou lang anglè enstrimantal, lang fransè enstrimantal, pòtigè kòm yon lang etranje, ak lòt kou yo.



Program Paraná Pale Lang yo, genyen kòm objektif prensipal sipòte pwosesis entènasyonalizasyon enstitisyon nivo siperyè nan Paraná. Nan kad pou ofri kou nan lang anglè, fransè ak espanyòl, yo fòme pwofesè yo, elèv yo ak ajan yo pou yo ka, pa egzanz, patisipe nan pwogram mobilite entènasyonal, anseye matyè nan lang anglè, fransè ak espanyòl, ak tou fomante patenary ak inivèsite entènasyonal yo.

Plis enfòmasyon sou aktivite sòsyokiltirèl, espesyalman kòlasyone ak lang, ki ofri pa UEM, ka jwenn *isit la*.

3.2.10. Aktivite Espòtif



Kòdonatè espò ak Rekreyasyon (CDR) gen kòm responsabilite kòdone ak ofri aktivite espò ak egzèsis fizik pou popilasyon an, nan sèvis elèv yo, anplwaye yo, ak kominote anjeneral. CDR la responsab pou jere pwòjè sèvis nan Sant Ekselans nan Aktivite Fizik (CEAF), ki gen ladanl akademi, pisin ak lòt pwojè espòtif. Enfòmasyon sou kalite espò, orè yo, ak lòt detay yo ka jwenn yo *isit la*.



4. Dwa, Devwa ak Sipò UEM pou Etidyan Entènasyonal

Anplis de règleman espesifik chak pwogram etid, etidyan entènasyonal yo gen menm dwa ak devwa ak lòt elèv UEM, obsève Règ ak Lwa yo ak konpetans entèn UEM .

UEM gen plizyè pwojè ak estrateji pou sipòte elèv yo, pamí yo nou ka mansyone:

4.1. Pwojè ekstansyon: Ensèsyon migran nan teritwa Maringá

Pwojè ekstansyon gen pou objektif ede nan ensèsyon e entegrasyon tout moun ki pa brezilyen e ki abite nan rejyon metropolitèn vil Maringá. Youn nan tèm ki prevwa nan pwojè a se ensèsyon etidyan entènasyonal yo nan Inivèsite a, sitou sila yo ki nan yon sitiayson vilnerabilite sosyal.

Youn nan aksyon ki soti nan pwojè a se Entegrasyon ak Akèy etidyan entènasyonal yo (tout moun ki pa brezilyen, kèlkeswa si yo nan yon kondisyon vilnerabilite sosyal oswa non, epi ki pou kèk peryòd ale nan klas, rechèch ak lòt aktivite ki gen rapò ak UEM).

Entegrasyon nan yon gwoup, ki te konstitye nan fòmasyon "sèk konvèrsasyon", ke elèv nan kou a Sikoloji a te fè, yo espere ke elèv entènasyonal yo ka pataje eksperyans sou peyi oriijin yo epi pètèt gen rapò yo ak peyi ki akèvi yo a. / destinasyon (Brezil). Anplis de sa, gwoup sa a bay sipò pou nenpòt sijè ki gen rapò ak inivèsite a, epi pou elèv yo ki bezwen asistans (Bibliyotèk, Klinik Lekòl, Konsèy Afè Akademik, elatriye). Gwoup la ap chèche tou ogmante demand pou kontinye amelyore sèvis UEM bay elèv entènasyonal yo.



Akèyi etidyan entènasyonal yo, enfòme yo sou sèvis prensipal yo ak dinamik inivèsite a, tankou: Bibliyotèk, Komisyon Konsèy Afè Akademik, Restoran Inivèsite, elatriye. Nouvo élèv yo pral resevwa materyèl tankou kat sa menm jan an (UEM) bay asistans konsènan konesans ak rekonesans nan kanpis inivèsite a.

4.2. Estrateji pou pwomosyon sante, viv ansanm ak divèsite (SACODI)

Depatman Afè Kominotè – DAK/PRH, na kolaborasyon ak pwofesè nan depatman Sikoloji, Medsin, Edikasyon Fizik, Enfimyè ak ekip teknik SESMT, AMB, UPA, HUM, te kreye, na 2019, Estrateji pou Pwomosyon Sante, viv ansanm ak Divèsite (SACODI), ki gen pou objektif mete an plas, pou tout kominate inivèsite a, yon politik pwomosyon sante, ki gen ladan sante mantal, nan objektif pou enstale yon kilti pou pran swen, konvivans nan respè ak divèsite nan mitan Pwofesè ak élèv yo inivèsite UEM.

Atravè de pwojè ekstansyon SACODI yo: Pwomosyon Kolektif Viv Sante nan Kominote Inivèsite a (n° 6339/.2019) ak Atansyon ak Swen bay Kominote Inivèsite a nan pèspektiv Swen Sikososyal (n° 6349/2019), aksyon yo devlope pou etidyan ki gen rapò nan viv ansanm, divèsite ak pwomosyon, nan swen sante mantal, nan pèspektiv, nan swen sikososyal.

Nou mete aksan sou Pwomosyon Sante ak lansman ***SIT entènèt*** (Sante ,viv ansanm ak divèsite).ke élèv yo Kreye ak siveyans pwofesè yo, kòm yon zouti ki gen pou objektif pou rasanble enfòmasyon sou posibilité swen sante, gwoup ak aktivite kolaborasyon, tankou evènman ak konsèy sou lavi an sante nan kontèks inivèsite a. Sit la bay vizibilite pou aksyon ki devlope nan UEM, nan diferan kou, sektè ak depatman epi ki ka benefisyé sante kolektif. Ou ka jwenn aksè nan sit entènèt ***isit la***.



Travayè sosyal yo se responsab sèvis resepsyon an ak enfòmasyon sou pwosedi pou demann pou asistans lan tankou, pa egzanp, kid alimantè, elatriye, nan kad politik asistans sosyal la. Pou kontakte yo, voye yon E-mail bay psicossocial@uem.br.

Aksè ak sipò pou elèv ki anba politik asistans sosyal Maringá: SAS - Sekretarya Asistans Sosyal ak Sitwayènte – 109, Av. João Paulino Vieira Filho, Maringá-Pr-Brasil, CEP: 87020-015, telefòn (44) 3221-6400.

4.3. Sant Referans Asistans Sosyal (CRAS)

CRAS se yon inite piblik asistans sosyal, ki responsab pou òganize ak ofri sèvis pwoteksyon sosyal nan Sistèm Asistans Sosyal .Sistèm asistans sosyal, rasanble yon seri aksyon ki vize pou anpeche sitiayasyon vulnerabilite sosyal (plis ekspoze a risk), ki vize diminye ou simonte vulnerabilite ak konsekan emansipasyon, otonomi ak amelyorasyon nan kalite lavi popilasyon an.

Sèvis Asistans ak Pwoteksyon Fanmiy Entegral, se sèvis prensipal CRAS devlope. Sèvis sa a enplike: travay ak fanmiy yo, nan objektif pou ranfòse yo nan wòl pwoteksyon ; anpeche dezòd lyen fanmiy nan kominate a; ankouraje otonomi fanmiy yo; pamì lòt Aksyon ki genyen:

- Akèy (reservas ak asistans kalifye);
- Vizit teknik lakay ou;
- Gwoup fanmiy;
- Akonpayman fanmiy;
- Pwomosyon aksè nan dokiman sivil (Kat idantite, CPF...);
- Òganizasyon ak atikilasyon resous ki disponib nan rezo lokal la;
- Konsesyon benefis okazyionèl (alokasyon nesans, èd fineray, kid alimantè, tikè transpò, foto pou dokiman).



- Oryantasyon, referans nan sèvis ak pwogram (PETI, alokasyon pou benefis kontinyèl pou granmoun aje ak andikape, tikè transpò gratis pou moun ki andikape ak malad kwonik, Anrejistrem Inik (Cadastro Único), pwogram bous etid pou fanmiy, kalifikasyon pwofesyonèl pwogram pou enklizyon pwodiktif, kat pou la. Granmoun aje) ak siveyans apwopriye nan fanmiy yo.

Kòdonatè CRAS yo te di ke te gen kèk demann pou sèvis pou elèv entènasyonal yo, epi yo te disponib pou nouvo sèvis. Elèv ki deja anrejistre nan Anrejistrem Inik ka benefisyè èd ijans ak èd minisipal, men se sèlman moun ki anrejistre jiska 28 fevriye 2021 ki gen dwa a èd sa a . Elèv yo ka enskri ak CRAS pou mande yon panyen manje, yo ka kontakte pa telefòn.



5. Telefòn ak Lyen Itil

5.1. Invèsite Leta Maringá

5.1.1. Depatman Afè Akademik

Telefòn: +55 (44) 3011-4477

Adrès: Av. Colombo, 5790 - Bloco 109 - Zona 7, Maringá - PR, 87020-900

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/pCX5LhdYHWimX7H>

Sit: <http://www.daa.uem.br>

E-mail: msec-daa@uem.br

5.1.2. Biwo Koperasyon Entènasyonal

Telefòn: +55 (44) 3011-4441

Adrès: Av. Colombo, 5790- Bloco 123 - Zona 7, Maringá-PR, 87020-900

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/L4SZKCdL6QvhoyAJ6>

Sit: <http://www.eci.uem.br>

E-mail: sec-eci@uem.br

Instagram: @ECIUEM

Facebook: @ECIUEM

LinkedIn: ECI UEM



5.2. Lapolis ak resèt Federal

5.2.1. Polis Federal

Ijans: 194 (apèl gratis)

Telefòn: +55 (44) 3220-1400

Adrès: Av. José Alves Nendo, 1309, Maringá - PR, 87055-090

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/faTtUPj31a2Tss8L6>

Sit: <https://www.gov.br/pf/pt-br>



5.2.2. Polis Militè

Katriyèm Batayon Polis Militè

Ijans: 190 (apèl gratis)

Telefòn: +55 (44) 3261-5107

Adrès: Rua Mitsuzo Taguchi, 99, Vila Nova, Maringá-PR, 87045-110

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/d4Nm89wj9sB2qVHX8>

Sit: <http://www.pmpm.pr.gov.br/Endereco/MARINGA>

5.2.3. Polis Sivil

Nevyèm soudivizyon Polis

Ijans: 197 (gratis)

Telefòn: +55 (44) 3309-3100

Adrès: Avenida Mandacaru 560, Jardim Paris VI, Maringá - PR, 87080-000

Google Maps: <https://maps.app.Goo.gl/2dfdg7ccTm9WCihV9>

Sit: <https://www.policiacivil.pr.gov.br/Endereco/>

9^a-SUBDIVISAO-POLICIAL-MARINGA

5.2.4. Federal

Telefòn: +55 (44) 3221-2222

Adrès: Av. XV de Novembro, 527, Maringá-PR, 87013-909

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/T5kFVfQsgn9jBwgL8>

5.3. Ijans

5.3.1. Depatman Ponpye

Senkyèm+ Gwooup Ponpye – Maringá

Ijans: 193 (apèl gratis)

Telefòn: +55 (44) 3218-6150 (lasemèn soti 8 am jiska 6 pm)

Adrès: Rua Marquês de Abrantes, 78, Zona 07, Maringá - PR , 87.020-170

Sit: <http://www.bombeiros.pr.gov.br/5GB#>

E-mail: 5gb-1sgb@pm.pr.gov.br



5.3.2. SAMU (sèvis 24 èdtan)

Ijans: 192 (apèl gratis)

Telefòn: +55 (44) 3261-5107

Adrès: Rua Pioneiro Antônio Paulo da Silva, 1191

E-mail: samu@maringa.pr.gov.br

5.4. Lopital Biblik ak Sant Sante

5.4.1. Klinik pou pasyan ekstèn medikal ak Enfimyè UEM

Telefòn: +55 (44) 3011-4266

Adrès: Av. Colombo, 5790 – Bloco 001 – Zona 7, Maringá – PR, 87020-020

5.4.2. Sikyatri Rezidans Klinik pou Pasyan Ekstèn

Telefòn: +55 (44) 3011-5874

Adrès: Av. Colombo, 5790 -Bloco 006- Zona 7, Maringá – PR, 87020-020

5.4.3. Inite Swen Ijans – UPA (sèvis 24 èdtan) UPA Zòn N

Inite Pou Swen Imedyat nan Zòn Nò (UPA Zona Morte)

Telefòn: +55 (44) 3261-7921

Adrès: R. Ana Neri, 1073 – Jardim Alvorada, Maringá – PR, 87035-260

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/MxagFrqcsY1rTAqr5>

E-maill: upa_znorte-directoria@maringa.pr.gov.br

Inite Pou Swen Imedyat nan Zòn Sid (UPA Zona Sul)

Telefòn: +55 (44) 3221-4812

Adrès Av. Arquiteto Nildo Ribeiro da Rocha, -865, Maringa, -865 PR , 87053-270

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/y9soVxLoJnjrEbB99>

E-mail: upa_zsul_directoria@maringa.pr.gov.br

5.4.4. Inite Sante Debaz (UBS)

Ou ka konsilte enfòmasyon sou Inite Sante Debaz (UBS) sou lyen ki anba yo:

-> <http://www2.maringa.pr.gov.br/saude/?cod=servicos-saude>

-> <http://www2.maringa.pr.gov.br/sistema/arquivos/f5683470443b.pdf>



5.4.5. Lopital Inivèsite Rejyonal Maringá

Telefòn: +55 (44) 3011-9100

Adrèse: Av. Mandacaru, 1590 - Parque das Laranjeiras

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/t7Gwi7xPqzRGj64EA>

Sit : <https://www.hum.uem.br>

Facebook: HUM

Lyen: Kat entèaktif ak kote lopital Maringá

5.4.6. Sant pou Kontwòl Zoonoz, Vektè ak Ensèk nuizib Iben nan minisipal Maringá

Telefòn: +55 (44) 3218-3188

Adrèse: R. Duzentos – Ebenezer, Maringá-PR

Google Maps: <https://maps.app.goo.gl/Gao2MWJDxwhkFdrW8>

E-mail l: Saude_zoonoses_gerencia@maringa.pr.gov.br

5.5. 10 Sant Referans pou Asistans Sosyal (CRAS) nan Maringá

5.5.1. CRAS Alvorada

Adrèse: Alameda Ney Amintas de Barros Braga, 819

Telefòn: +55 (44) 3901-1713 / 3901-1766/ 3901-1844

E-mail: crasalvorada@maringa.pr.gov.br

5.5.2. CRAS Mandacaru

Adrèse: Rua Dos Jasmins, 513, Jardim Monte Carlo

Telefòn: +55 (44) 3901-1985 / 3901-1814

E-mail: crasmandacaru@maringa.pr.gov.br

5.5.3. CRAS Iguatemi

Adrèse: Av. Antônio Bortolotto, 1002 - Conj. Albino Meneguetti

Telefòn: +55 (44) 3276-1523 / 3276-3720

E-mail: crasiguatemi@maringa.pr.gov.br

5.5.4. CRAS Itaipu

Adrèse: Rua Lobélia, 269 – Pq. endistriyèl

Telefòn: +55 (44) 3901-1114

E-mail: crasitaipu@maringa.pr.gov.br



5.5.5. CRAS Ney Braga

Adrès: Rua Bem Te Vi, 1298 - Jardim California (kwen ak Rua Antônio Correia de Oliveira)
Telefòn: +55 (44) 3901-8858 / 1178 / 1759
E-mail: crasneybraga@maringa.pr.gov.br



5.5.6. CRAS Branca Vieira

Adrès: Av. Tuiuti, 3375 - Parque Residencial Branca Vieira
Telefòn: +55 (44) 3901-1913 / 3901-1151 / 3901-1160
E-mail: crasbrancavieira@maringa.pr.gov.br

5.5.7. CRAS Santa Felicidade

Adrès: Avenida Cerro Azul, 3930
Telefòn: +55 (44) 3901-1779 / 3901-2262
E-mail: crassantafelicidade@maringa.pr.gov.br

5.5.8. CRAS Morangueira

Adrès: Rua Haiti, 808 - Vila Morangueira
Telefòn: +55 (44) 3261-2408 / 3261-2409
E-mail: crasmorangueira@maringa.pr.gov.br



5.5.9. CRAS Santa Clara

Adrès: Rua Pioneiro Alfredo da Costa, 759, Jardim Santa Clara
Telefòn: +55 (44) 3901-6534
E-mail: cras_santaclara@maringa.pr.gov.br

5.5.10. CRAS Requião

Adrès: Rua Maria Paulina Palma, 453
Telefòn: +55 (44) 3901-6548 / 3901-6532 / 98455-4566



Lyen:

- Lis katye ki lye ak chak CRAS:
<http://www2.maringa.pr.gov.br/sasc/?cod=protecao-social-visualiza/1>



6. Antite pou defans ak asistans migran yo nan Maringá

6.1. Asosyasyon etranje ki rete nan rejyon metwopolitèn Maringá - PR

Adrès: Rua Alderador Joaquim Pereira de Castro, 267

Telefòn: +55 (44) 3263-4887

Imèl: caritasmnga@gmail.com

Sit entènèt: <http://www.caritasmaringa.org.br>

Youtube: [@Caritas Maringá](https://www.youtube.com/@CaritasMaringa)

Reprezantan Legal: Emerson Cícero de Carvalho

6.2. Caritas Achidiocesan nan Maringá

Adrès: Rua Alderador Joaquim Pereira de Castro, 267

Telefòn: +55 (44) 3263-4887

Imèl: caritasmnga@gmail.com

Sit entènèt: <http://www.caritasmaringa.org.br>

Youtube: [@Caritas Maringá](https://www.youtube.com/@CaritasMaringa)

Reprezantan Legal: Emerson Cícero de Carvalho

Komisyon Migrasyon, Refuj ak Apatridi se youn nan espas oksilyè pou jesyon nan Cáritas da Arquidiocesana de Maringá, ki te konstitye Komisyon an lokal ak vize devlope estrateji pou aksyon sou pwoblèm nan nan migrasyon pou tout teritwa achidyosèz la. Komisyon an fèt ak ajan Caritas, volontè ak peye, ki kontribye ak pèspektiv nan akeyi, ankouraje, pwoteje ak entegre imigran ak refijye yo, atravè pwojè ak aksyon ki garanti otonomi ak pwotagonis popilasyon an ede.



6.3. Sendas Enstiti

Adrèś: Rua Santos Dumont, 1366

Telefòn: +55 (44) 3029-5600

Imèl: contato@sendas.ong.br

Sit entènèt: <https://www.sendas.ong.br>

Reprezantan Legal : Erick Perez

Sendas Institute se yon asosyasyon ki konpoze de imigran entènasyonal ki soti nan peyi tankou Ayiti, Venezyela, Nijerya ak Republik Dominikèn, tankou tou, Gason ak famf brezilyen k ap viv epi fè yon vi nan vil Maringá, Sarandi ak Marialva nan Parana. Depi li konsepsyon ak kreyasyon, ONG sa a te priyorize, pwofite talan, konpetans ak aprantisaj manm li yo, benefisyè yo, odyans sib (kominote migran entènasyonal) ak la eksperyans entènasyonal yo fòmile pwopozisyon ki kontribye nan la otonòm ak akizisyon de endepandans total pa gwoup yo imigran entènasyonal ak moun ki nan yon sitiyasyon refij. Kontribye pou ke fanmiy sa yo, ak gwoup moun ki vin patisipe pou pwop tet pa yo, nan entegrasyon nan novo kominote lame a ak amelyore sitiyasyon yo ak kondisyon lavi nan Brezil. Kote yo nan konsila etranje ak anbasad nan Brezil.

7. Anbasad ak Konsila

7.1. Ministè Afè Etranjè

Kote yo nan konsila etranje ak anbasad nan Brezil kapab konsilte sou sit entènèt Ministè Afè Etranjè a:

<https://www.gov.br/mre/pt-br/assuntos/representacoes/estrangeiras-no-brasil>



Kredi:

Design: Carimba Design

Design (Concepção): Peter Mundadi

Kat: Gabriel Igor Teodoro Moser Contreras

Organizasyon:

Travayè Sosyal Ma. Telma Maranho
Gomes - Konsèy Afè Kominotè DCT/PRH
Prof. Doktè Sueli de Castro Gomes -
DGE/UEM
Prof. Doktè Regiane Cristina de Souza
Fukui - DPI/CCH
Prof. Doktè Marcio Pascoal Cassandre - ECI



Kolaborasyon:

Ana Luiza de Ávila Ribeiro Simões

Felipe Lisbôa

Isabelle Caroline de Queiroz Pavani

Luana Jaime Alves

Mariane Beltrame Pereira - Rezidan
teknisyen/travayè sosyal

Nádia Maria Lisboa Flores - Travayè sosyal

Pedro Sardeti Dantas

Doktè Fernando Franzoi da Silva

Ma. Beatriz Machado Lima

Ma. Laura Piñata Battistam

Ma. Michelle Cerqueira César Tambosi

Prof. Lilian Fittipaldi Gardin Berdu

Prof. Me. Fabiano Burgo

Prof. Me. Milena Paula de Oliveira Alonso

Prof. Doktè Karina Fidanza

Prof. Doktè Luciana Cabrini Simões Calvo

Prof. Doktè Renato Leão Rego

Tradiksyon:

Alix Cineus

Anel Amos

Dieunie Brizius

Michaelle Pierre

Revizyon:

Clefaude Estimable



□ (44) 3011-4040

⊕ www.uem.br

ƒ [@oficialUEM](#)

⌚ [@oficialUEM](#)

📍 Av. Colombo, 5790 - Maringá-PR

ƒ [@ECIUEM](#)

⌚ [@eci.uem](#)

